gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

**№33 (6862) * 17 АВГУСТ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 5 РАБИГIУЛ АВАЛ 1448 с. ***

ДАНДЧIВАЙ



## ХIалтIулаб сапар

**Дагъал церегIан къоязда нилъер районалде хIалтIулаб сапаргун вачIун вукIана Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул Председателасул заместитель Ризван ГъазимухIамадов.**

Сапаралъул аслияб мурад букIана тIабигIияб балагьалъ районалъе ккезе гьабураб зарал тIаса ине гьабиялда тIад гьарулел ругел хIалтIабазул хал гьаби. Гьевгун цадахъ рачIун рукIана «Дагъавтодор» гIуцIиялъул нухмалъулев Р. Закариев, гьесул заместитель З. ГIумаханов, «Дагъэнерго» - ялъул бетIерав инженер С. СултIанов.



Гьез дандчIвай гьабуна ведомствабазда гьоркьосеб гIорхъолъа рорчIарал лъугьа – бахъиназул комиссиялъулгун ва дандрана гьаризе ругел хIалтIабазул.

Гьединго гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул бетIер М. ТIагьировас ва Унсоколо районалъул вакилзабаз. Хасго кIудияб кIвар буссине гьабун букIана Мамраш – Ташкапур – ГъаракIуниб кьо нухалда ремонталъулал хIалтIаби гьариялде. Гьеб нухалде тIаде кьураби тIун рачIун руго анкьго бакIалде.

Республикаялъул даражаялъул нухде хехаб къагIидаялда ремонталъулал хIалтIаби гьаризе журазе ккараб хIал буго.

Хасго кIвар кьун бакIалде щун хал гьабуна кIудияб жагъаллъи ккеялъ комиссиялъ къан буге́б БагIараб кьо - ялде.

Ризван ГъазимухIамадовасул баяналда рекъон, БагIараб кьо къан букIине буго октябрь моцIалъул ахиралде щвезегIан. Гьеб кьо гIодобе далун буго 50 сантиметраялъ. ХIажат буго хехаб ва капиталияб ремонт. Гьеб гьабизе буго «Сибрегионстрой» гIуцIиялъ. Кьо тIубанго бихизе ва цIидасан данде бакIаризе бугеб, къуватал материалалги хIалтIизе гьарун.

Заман дагьаб бугониги подрядалъулаб гIуцIиялъ рагIи кьуна хIалтIаби цIараб заманалда лъугIизе гьаризе.

Заманаялъ аскIоб бугеб кьо рагьизе буго гIадамал лъелго тIасан хьвадизе.

## Регионалияб даражаялде бахине гьабуна

**7 - 8 июлалда гьалагго рарал цIадаз кIудияб зарал бачIине гьабуна нилъер районалъе, хасго цIикIкIараб зарал бачIана Хьаргаби, КIикIуниб, Курмиб, Хъвартихьуниб росабазе.**

ГIорул рагIалдаса гIебеде ругел рукъзал рихизе гьаруна, гъанкъана боцIи, хвезе гьаруна хурзал.

ЧIахIи – чIахIиял бакIал тIаде тIун рачIиналъ кIудияб зарал бачIине гьабуна республикаялъул, бакIалъулал даражаялъулал нухазе ва кьоязе.

Гьеб кинабгоги хIисабалде босун лъазе гьабун букIана районалъул даражаялда гIорхъолъа борчIараб лъугьа - бахъин.

Районалъул даражаялда хехаб къагIидаялда хIадур гьаруна къваригIунел документал ва гьелъул хIасилалда республикаялъул бетIерасул ишал тIуралев Ф. Щукиница лъазе гьабуна регионалияб даражаялъул гIорхъолъа борчIараб лъугьа – бахъин.

Гьелъ рес кьезе буго гьарулел хIалтIабазе цIикIкIараб къуват тIаде жубазе гьабизе цIикIкIарал гIарцулал сурсатал рехизе.



# Рищиязде хIадурлъи



**Гъал къоязда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана гьаб соналъул 18 – 20 сентябралда тIоритIизе ругел рищиязде хIадурлъиялъул ва гьениб хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хIакъалъулъ данделъи.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ТIагьировас, Территориалияб рищиязул комиссиялъул нухмалъулев ХI. Шейховас, районалъул жанисел ишазул отделалъул, централияб больницаялъул, «Информ УИК» - ялъул вакилзабаз.

Данделъи рагьун кIалъай гьабулаго районалъул бетIер М. ТIагьировас рищиял гIуцIулезда гьарана рищиязде хIадурлъи гьабулаго ва рищиял тIоритIулаго ракIбацIцIадго нужедаго тIадаб хIалтIи гьабеян. Профессионалияб къагIидаялда гьел тIоритIи нужер лъаялда ва бажариялда бараб буго. Рищияздехун лъикIаб ва битIараб бербалагьи районцоязул бачIин бараб буго нужеца гьабулеб хIалтIуда.

Территориалияб рищиязул комиссиялъул нухмалъулев ХI. Шейховас ва гьесул кумекчи Ж. Идрисовас данделъиялде рачIаразда мухIканго бичIчIизе гьабуна «Информ УИК» проекталъул. Гьеб проекталъул аслияб масъала ккола щибав гражданинасухъе рищиязул информация щвезе гьаби. Гьеб гIадамазухъе щвезе гьабизелъун проекталда гIахьаллъи гьабулел щвезе руго щибав районцоязул рукъо – рукъоре.



*Терроризмалда данде къеркьей*

# АТКялъул данделъи



**10 августалда районалъул администрациялда тIобитIана терроризмалда данде къеркьей гьабиялъул комиссиялъул данделъи.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ТIагьировас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, районалъул жанисел ишазул отделалъул, районаздагъоркьосеб рагъулаб комиссариаталъул вакилзабаз, районалъул учреждениязулгун организациязул нухмалъулез ва районалъул школазул директорзабаз.

Гьениб гьоркьоблъун халгьабиялде росун рукIана лъаялъул къоялда ва рищиял тIоритIулел къояз районалда хIинкъигьечIолъи букIине гьабиялъул суалал. Гьединго данделъиялда хал гьабуна объектал терроризмалдаса цIуниялъул ва районалъул гIадамазе хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъул суалал.

Школазда лъаялъул къоялда хIинкъи гьечIолъи цIикIкIине гьабиялъул мурадалда хIисабалде босун буго школазда сверухъ 500 метраялъул манзилалда халгьабиял тIоритIизе. ГIадамал данделъулел бакIазда ва школазда халгьабизе риччазе руго махI бачунел гьаби.

Гьединго гIуцIун букIине буго хехаб куцалда кумек гьабулеб группабазул дежурство. Данделъиялда гIахьаллъи гьабулез районалда бугеб ахIвал – хIал рикIкIана гIодобиччараб, хIинкъи дагьаб бугилан. Данделъиялде росарал киналго суалазда тIасан дандрекъон кколел хIукмаби къабул гьаруна ва жавабиял рихьизе гьаруна.



*Халкъияб медицина*



# ХЪАБАХЪ

**Хъабахъ буго цIакъ къиматаб ва даруяб нигIмат. Гьелъул сокалда гьорлъ гIемерал руго пектинал ва аскорбиналъул кислота. Гьез кумек гьабула чорхолъа заралияб холестерин инабизе.**

Цоги гьелъулъ руго пагьму цикIкIиналье хIажатал В группаялъул гIемерал витаминалги Е витаминги. Хъабхъил сокалъул пайда букIуна тIул унтарасе ва чорхолъ токсикоз бугезе. Гьединго макьу рекъезабиялъеги гьекъола гьеб. Кьаралъулев вугони яги диабет бугониги, хъабхъил сок гьекъела (шибаб къоялъ 0,5 стакан). Ургьисалазда яги пунцIероялда ганчIал ругони, къойида жаниб 3 нухалъ гьеб сок гьекъезе ккола 10 къоялъ (щибаб нухалъ стаканалъул лъабил бутIа). Предстательный железа гьоропазе бихьизабун буго щибаб къоялъ цо-цо стакан хъабхъил сокалъул 2-3 анкьалъ гьекъезе.

Хъабахъ овощазда гьоркьоб бищунго бечедаб буго маххудалъун. Гьелда гьорлъ рукIуна С, В1, В2 витаминал. Хъабхъилъ гIемераб буго клетчаткаги. Гьелъул гьабураб кваница кванирукъалъул хIалтIуе квербакъула. Гьелъул квен лъикIаблъун бихьизабун буго гастрит ва язва бугезеги. ТIомода гьоркь лъим кколеб бугониги (водянка), ракI унтиялъул хIасилалда гьоройдалги ва ургьисалабигун тIул унтун бугониги хIалтIизабула хъабхъил сок. Гьекъела кваналалде цебе къойида жаниб 3-4 нухалъ нус-нус миллилитр.

# Гьабураб кумекалъул кири киназего щваги

**2024 сонaлдаса нахъе СВОялда контрактaлда рекъон тIадаб хъулухъ тIубалей йиго Хьаргабиса Саида МухIамадова. Гьелъул хIакъалъулъ макъала хъван букIана гьаб соналъул I6 мартaлда къватIибе биччараб №II газеталъул гьумералда. БахIарчияб ракI бугей гьитIинай гIолилалъул бицине рес щвана цойги нухалдаги.**

Рагъулаб хъулухъ тIубалаго, Саидае гьоркьо – гьоркьоб рес кьола отпускалъул къоязда ВатIаналде щвезе. Гьединал къоязги гьелъ жиндиего хIалхьиялъе хIалтIизаруларо. АхIи бан, тIадюссуда жиндицаго хъулухъ гьабулеб частaлде босизе, госпиталалде хIажатал медикаментал, ругъун бухьине бинтал, рагъухъабазе ретIел бакIарула.

Цодагьаб цебегIанги, Саидал эбел Гулишатил гьариялда рекъон, кумек гьабиялъе ахIи бан букIана Хьаргаби росулъги. Росдал гIадамаз садакъаде кьурал регулаго тIад – гьоркь гьаризе жал, ретIел ва цойги рагъухъабазе хIажатабщинаб, машина цIун штабалде МахIачхъалаялде босун ана. Гулишатицаги ясалъги кIудияб баркала загьир гьабулеб буго росуцоязе ва гьединго ГIаймакиб росдал собраниялъул депутат ва Хьаргаби районалда «Память гор» абураб СВОялъул ветеранaзул Ассоциациялъул председатель ЛатIипов МухIамад-Амирие. ТIоцебесеб нух гуро гьесул жигарчилъиялдалъун, гуманитарияб кумекалъе бакIарараб къайи, жиндирго машинаялда хасаб штабалде босулеб бугеб ва гьабулелъе квербакъулеб бугеб. МахIачхъалаялда, централияб больницаялда аскIоб буго гуманитарияб кумек цойиде бакIаризе гIуцIараб штаб. Гьенисан, битIулезул тIад цIаралги хъан, къайи бикьун уна СВОялде хIажатаб щинаб бакIалде.

Абизе ккола, Хьаргаби районалъ гуманитарияб кумек лъай кьеялъул гIуцIияздаса райадминистрациялъул квербакъиялдалъун гIемераб битIанин СВОялде.

Саидалги, гьеб хIалтIи гIуцIиялъулъ, хIалбихьи кIудияб буго, инсул росулъ тIоцебесеб нухалда тIобитIаниги.

Байбихьуда, жийго хIалтIулей йигеб госпиталалда, Саидада бихьулеб букIана гIоларого ругел медикаментал, лъукъун рачIарал рагъухъабазул ретIине хутIичIеб ретIел ва гь. ц.

Гьелъ жинцаго гьабизе байбихьана бухьен хасал фондазулгун ва гьезул квербакъиялдалъун гуманитарияб кумек бакIазде щвезабизе тIалаб гьабуна. Саида чанго нухалъ ячIана Дагъистаналде УРАЛ машинабигун цадахъ дагъистаниязул рахъалъ кумек гьабун бачIараб къай босизе. Москваялдаса, Новочеркасскалдаса ва МахIачхъалаялдаса гIадамаз бакIарараб гуманитарияб кумек бищун хIажаталъубе щвезабизе квербакъула гьелъ.

Гьедин, Москаялда, Хьаргабиса МухIамад Амирхановасул квербакъиялдалъун бакIарараб гуманитарияб кумекалъе къайи Луганскиялда гьоркь бугеб госпиталалде щвезабуна гьелъ.




Руго госпиталал Саидалгун бухьеналда ругел ва къваригIаралъул, хIажаталъул списокал ритIулел. БакIарараб босун, жийго Саида уна начальниказул буюрухъалда рекъон рихьизарурал бакIазде.

Командованиялъ, гьелъул бугеб жигарчилъиялъухъ, тирилъиялъухъ ва бажариялъухъ хIурмат гьабула Саидал. Чанго нухалъ Баркалаялъул кагътазе йихьизаюна гьей. Саидал хIалтIуе тIадегIанаб къимат кьола ДагъистанaлъуI СВОялъул ветеранaзул Ассоциациялъги.



Бокьараздехун рекIеде нух батулей, щиб тIад къаниги тIубазе бажари бугей гьей къиматалда йиго йигеб часталдаги.

Саидае ва гьелда цадахъ рахъун хIалтIуе квербакъанщиназеги Аллагьас кирилъун хъваги гьабураб. Дунялалъе паракъалъи кьун таги Аллагьас. ВатIаналде сахлъиялда тIад руссаги кир ругониги.

**Х. ШАМСУДИНОВА**

ДИН ВА ГIУМРУ

# «Исламияб диналъул аслуял лъаялъе» къецал

**Хьаргаби районалда тIобитIана «Исламияб диналъул аслуял лъаялъе» абураб тIохъодаса, лъималазда гьоркьор къецазул финал.**

Финалалде рорчIун рукIана тIоцебесеб этапалда бищунго жигарал васалги, ясалги.

Къецал рукIана рикьун кIиго батIияб соназул къокъаялде:

— ГIисиназул къокъа щуабилел классазде щвезегIан.

— ЧIахIиязул къокъа анлъабилеб классалдаса анцIила цоабилеб классалде щвезегIан.

**ВАСАЗДА ГЬОРКЬОР ХIАСИЛАЛ ГЬАДИНАЛ ККАНА:**

**<u>– ГIисиназул къокъаялда гьоркьоб:</u>**

ТIоцебесеб бакI - **ХIасанов СагIит-Афанди Ш.** – КIикIуниб росу.

КIиабилеб бакI - **Нажмудинов Шамсудин М.** – Хьвартихьуниб росу.

Лъабабилеб бакI- **Абулмуслимов Амир Р.** – Кумуиб росу.

**<u>ЧIахIиязул къокъаялда гьоркьоб:</u>**

ТIоцебесеб бакI - **МухIамадов Ибрагьим М.** – КIикIуниб росу.

КIиабилеб бакI - **Ансаров Юсуп М.** – Хьаргаби росу.

Лъабабилеб бакI - **МухIамадов МухIаммад А.** – КIикIуниб росу.

**ЯСАЗДА ГЬОРКЬОР ХIАСИЛАЛ ГЬАДИНАЛ ККАНА:**

**<u>– ГIисиназул къокъаялда гьоркьоб:</u>**

ТIоцебесеб бакI - **ГIисаева Хадижат М.** – КIикIуниб росу.

КIиабилеб бакI - **ГIусманова Марьям А.** – КIикIуниб росу.

Лъабабилеб бакI - **ГIисаева ПатIимат Р.** - КIикIуниб росу.

**<u>ЧIахIиязул къокъаялда гьоркьоб:</u>**

ТIоцебесеб бакI - **Расулова Аминат З.** – Хьаргаби росу.

КIиабилеб бакI - **ГIабасова ХIалимат А.** – КIикIуниб росу.

Лъабабилеб бакI - **МухIамадова ПатIимат А.** ва **Маликова Зумурат Ш.** – ГIаймакиб росу ( кIиго лъабабилеб бакI).

Бергьаразе кьуна къиматал сайгъатал, дипломал ва гIарцулал щапакъатал.

Баркула лъималаздаги, гьел хIадур гьарурал мугIалимзабаздаги щварал бергьенлъаби.






# Гунибская межрайонная прокуратура разъясняет

### Вандализм — это действие, включающее преднамеренное уничтожение или повреждение общественной или частной собственности

Часто вандализм путают с порчей имущества.

Отличие вандализма от порчи имущества заключается в том, что ущерб не причиняется имуществу конкретного лица, а причиняется имуществу, расположенному в общественных местах (либо на транспорте) и предназначенному для общего пользования — памятники и культурные ценности, жилые дома, корпуса предприятий и учреждений, храмы, магазины, поликлиники, остановки общественного транспорта и т.п.

Исписанные стены в подъезде, сломанные перила лестниц и входные двери, испорченные почтовые ящики, клумбы, беседки, заборы, детские площадки - основные объекты, подвергающиеся нападению несовершеннолетних вандалов.

Часто можно услышать заблуждение, что несовершеннолетние в силу своего возраста не несут никакой ответственности, однако, ответственность предусмотрена, и они несут следующие виды ответственности.

Материальная ответственность. Согласно статье 1073 Гражданского кодекса РФ за ущерб, причинённый несовершеннолетними, ответственность несут его родители либо законные представители.

Уголовная ответственность за вандализм — осквернение зданий или иных сооружений, порчу имущества на общественном транспорте или в иных общественных местах - согласно статье 214 Уголовного кодекса РФ наступает с 14 лет.

Часть 1 ст. 214 УК РФ - осквернение зданий или иных сооружений, порча имущества на общественном транспорте или в иных общественных местах, наказывается штрафом в размере до 40 тыс. рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до 3 месяцев, обязательными работами на срок до 360 часов, исправительными работами на срок до одного года, арестом на срок до 3 месяцев.

Частью 2 статьи 214 УК РФ, предусмотрена уголовная ответственность за вандализм, совершенный группой лиц, а равно по мотивам политической, идеологической, расовой, национальной или религиозной ненависти или вражды либо по мотивам ненависти или вражды в отношении какой-либо социальной группы, за которое грозит наказание вплоть до реального лишения свободы.

Фиктивная постановка на учет иностранного гражданина или лица без гражданства.

Статьей 322.3. Уголовного кодекса Российской Федерации предусмотрена уголовная ответственность за фиктивную постановку на учет иностранного гражданина или лица без гражданства по месту пребывания в Российской Федерации.

### Фиктивная постановка на учет по месту пребывания заключается:

в постановке иностранного гражданина или лица без гражданства на учет по месту пребывания в Российской Федерации на основании представления заведомо недостоверных сведений или документов,

в постановке иностранного гражданина или лица без гражданства на учет по месту пребывания в жилом помещении или ином помещении без их намерения фактически проживать в этом помещении или без намерения принимающей стороны предоставить им это помещение для фактического проживания,

в постановке иностранного гражданина или лица без гражданства на учет по месту пребывания по адресу организации, в которой они в установленном порядке не осуществляют трудовую или иную не запрещенную законодательством Российской Федерации деятельность.

За совершение такого преступления предусмотрено наказание в виде штрафа в размере от 100 000 до 500 000 рублей или в размере заработной платы, или иного дохода осужденного за период до 5 лет, либо принудительных работ на срок до 5 лет, лишение свободы на срок до 5 лет. Судом виновному может быть назначено также дополнительное наказание в виде лишения права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 5 лет.





# Служба по контракту

**До 31 августа включительно в Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – военнослужащему выплачивается единовременные денежные выплаты в размере до 4 500 000 руб.:**

400 000 руб. – федеральная выплата;
500 000 руб. – региональная выплата;
3 000 000 руб. – региональная выплата (подразделения резерва);

от 100 000 до 600 000 руб. – выплаты от городов и муниципальных образований;

Зарплата военнослужащих начинается от 210 тысяч рублей в месяц.

от 6 500 000 — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

Заработная плата – от 210 тысяч рублей в месяц.

До 300 тысяч рублей увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».

**Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану: т. 8 (989) 484-69-95.**


*Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна*
*Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула*
***Инхоса ГIали-хIажияв***

# Авар кицаби ва абиял

Гьойда кIалдиб ракьа речIчIе.
Гьойда кIалдибе тIил бегьуге.
Гьойдаги речIчIараб гамачI кIочон толареб.
Гьойдуе нух толебила, ханасе бакI толебила.
Гьойца кIал чIвараб жо гьойдуе те.
Гьоко мекъса къиругеги, гIакълу мекъса сверугеги.
Гьоло кколареб цIалкIу, цIад кколареб буртина.
Гьоркьоблъи битIулеб, гьоркьоб хIуч битIун цIани.
Гьорода бадибе туни, дурго гьурмада жужалеб.
Гьороца цIа гьалаглъулеб, гьакълица ццин гьалаглъулеб
Гьорчо гирунилан, гохI бихулареб.
Гьорчо танки батаралъуб чIола, квешав чиясул кIал кидаго чIоларо.
ГьоцIо гьабулеб найил зузуй батIияб букIуна.
ГьоцIо тIинкIулебги мацIила, загьру тIолебги мацIила
ГьоцIоги бахун кьуни, чохьоца нусги ккунеб.
ГьоцIо кьогIлъулеб, гIемер чIикIани, сакъисги бутIунаб гIемер чIамуни.
Гьудул ахIун вачине ккола-ро, ахIани тушманги вачIуна.
Гьудул бадиве валагьулевила, тушман хIатIазухъ валагьулевила
Гьудул валагьейила дуралдаго гIамал-хасият релълъарав.
Гьудул вукIуна вацасдаса лъикIавги, гьудул вукIуна тушманасдаса квешавги.
Гьудул нусгоги дагьав, тушман цоги гIемерав.
Гьудул рикIкIадасан вачIуневила, тушман дур кIалдисан вачIуневила.
Гьудул цо нухалъ вачче, бохдул хадур рехъерхъани, рехху́н те.
Гьудул цIунизеги гьереси бицунгейила.

### Лъазаби

2010 соналда Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалъул 11 класс лъугIун ЖабрагIилов ЖабрагIил Шарабудиновичасе кьураб №05 АБ 002962 аттестат билун буго.

Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61.
Претензии к качеству печати принимает типография.
Заказ № ________. Тираж 700 экз.

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

Подписано в печать 13 августа 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.
**Индекс 51350. Цена свободная.**